



Pou Piblikasyon Imedya: 03/02/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 15.8 MILYON DOLA YO BAY POU EDE PWODIKTÈ LETYE YO PWOTEJE KALITE DLO

Finansman an te anonse kòm yon pati nan Eta Leta 2024 Gouvènè a pou ranfòse endistri letye epi sipòte modènizasyon ak dirabilite fèm letye

Pwopozisyon Bidjè Egzekitif 2025 Gouvènè a gen ladan li 10 milyon dola adisyonèl pou ogmante kapasite pwosesis letye, sipòte rechèch enpòtan ak mete sou pye pratik ki rezilyan ak klima sou pwodiksyon letye Nouyòk yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 22 fèm yo te resevwa plis pase 15.8 milyon dola nan finansman atravè premye faz la nan Pwogram Jesyon Amelyore Elelman Nitritif ak Metàn (Enhanced Nutrient and Methane Management Program, CAFO ENMP) Operasyon Nitrisyon Bèt ki Konsantre (Concentrated Animal Feeding Operation, CAFO). Finansman ki soti nan pwogram nan pral ale nan pwojè ki ede kiltivatè yo pwoteje kalite dlo a epi bese enpak chanjman nan klima lè yo redwi emisyon gaz ki lakòz efè tèmik. Finansman pou pwogram sa a te anonse kòm yon pati nan Eta Leta 2024 Gouvènè a epi li kontinye sou angajman Gouvènè Hochul te pran pou sipòte modènizasyon ak dirabilite pwodiksyon letye.

"Endistri letye a se yon poto mitan nan ekonomi Nouyòk la, gras ak devouman kiltivatè letye ak fabrikan atravè eta a kote travay yo fè pwodui sa a vin pi gwo sektè agrikòl nan Nouyòk," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m ede kiltivatè nou yo diminye anprent kabòn yo pandan mwen ap kontinye mete pwodwi klas mondyal sou tab Nouyòkè yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Atravè premye seri finansman an, pwogram nan pral ede kiltivatè CAFO ki otorize yo mete sou pye pwojè ki amelyore sistèm jesyon angrè ki kenbe kabòn epi konsève eleman nitritif angrè yo aplike nan jaden ak tè pou pwoteje kalite dlo. Pwogram nan sipòte tou avansman nan jesyon alimantasyon ki presi pou ekilibre nitrisyon epi diminye emisyon metàn. Estimasyon rediksyon gaz ki lakòz efè tèmik (Greenhouse Gas, GHG) pou tout pwojè yo se 122,833 MTCO_{2e} pa ane, sa ki egal ak retire 28,651 machin ki mache ak gaz sou wout la pandan yon ane.

Yo bay yon total 22 pwojè atravè Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo Eta a atravè de liy finansman. Yo te bay disèt pwojè nan Liy A, ki pral ale nan Pi bon Sistèm Pratik Jesyon

Eleman Nitritif ak Jesyon GHG. Yo te bay senk pwojè nan Liy B, ki pral ale nan Kouvèti Depo Angrè ak Pwojè Boule Angrè ak pratik ki asosye yo. Men kijan yo te bay sibvansyon yo:

Rejyon Kapital

- **11,414.38** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte Saratoga** pou travay avèk yon fèm nan basen vèsan Hudson-Hoosic.

Nouyòk Santral

- **1,025,759.00** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte Cortland** pou travay avèk de fèm nan basen vèsan Chenango.
- **293,850.00** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte Madison** pou travay avèk yon fèm nan basen vèsan Lak Oneida.

Finger Lakes

- **3,192,578.00** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte Ontario** pou travay ak twa fèm nan basen vèsan Seneca.
- **2,167,334.00** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte Ontario** pou travay avèk yon fèm nan basen vèsan Chemung.
- **1,248,588.05** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte Wyoming** pou travay ak twa fèm nan basen vèsan Wo Genesee.
- **608,987.20** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte Wyoming** pou travay ak twa fèm nan absen vèsan Ba Genesee.
- **246,900.00** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte Genesee** pou travay avèk yon fèm nan basen vèsan Oak Orchard – Twelve Mile Creek.

Mohawk Valley

- **942,162.50** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte Montgomery** pou travay avèk yon fèm nan basen vèsan Mohawk.
- **741,861.35** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte Herkimer** pou travay avèk yon fèm nan basen vèsan Mohawk.
- **98,483.68** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte Oneida** pou travay avèk yon fèm nan basen vèsan Mohawk.
- **54,611.89** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte Oneida** pou travay avèk yon fèm nan basen vèsan Lak Oneida.

North Country

- **810,571.00** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte Clinton** pou travay avèk yon fèm nan basen vèsan Lak Champlain.

- **526,926.21** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte Franklin** pou travay avèk yon fèm nan basen vèsan St. Lawrence.
- **457,056.00** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte St. Lawrence** pou travay avèk yon fèm nan basen vèsan St. Lawrence.

Rejyon Lwès Nouyòk

- **1,909,650.00** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte Cattaraugus** pou travay avèk yon fèm nan basen vèsan Cattaraugus.
- **1,470,815.00** dola yo bay pou **Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nan Konte Chautauqua** pou travay avèk yon fèm nan basen vèsan Chautauqua-Conneaut.

Tout deskripsyon pwojè yo disponib [isit la](#).

Komisè Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk (New York State Department of Agriculture and Markets) la, Richard Ball, te deklare, "Eta Nouyòk se lakay kèk nan pwodiktè letye ki pi pasyone ki pa sèlman pwodui ak trete kèk nan pi bon pwodwi letye nan mond lan, men tou k ap travay di pou kite endistri a pi byen pou jenerasyon k ap vini yo. Finansman sa a se yon vre temwayaj sou valè pou ede kiltivatè nou yo fè tranzisyon nan pratik ki sekirize nan klima ki prezève resous natirèl nou yo pandan y ap kontinye pwoteje biznis yo epi nourri kominote nou yo. Mwen vle remèsye Distri Tè ak Dlo nou yo ak kiltivatè nou yo pou travay yo ap fè a, e mwen espere wè pwojè sa yo reyalize."

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta Nouyòk la, Sean Mahar, te deklare, "DEC bat bravo pou investisman Gouvènè Hochul kontinye ap fè pou ranfòse dirabilite endistri agrikòl Nouyòk la epi bay kiltivatè yo resous ki sèvi kòm patnè enpòtan nan konsèvasyon tè ak lòt resous natirèl yo. Egzijans DEC yo jwe yon wòl enpòtan nan pwoteje kalite dlo a epi finansman sa a pral ede asire pi bon pratik jesyon an plas ak plan jesyon eleman nitritif yo aplike nan fèm bèt yo."

Prezidan Komite Konsèvasyon Tè ak Dlo Eta Nouyòk, Matt Brower, te deklare, "Egzijans pou Pèmi Jeneral CAFO a kapab lakòz gwo defi finansye ak jesyon pou operasyon agrikòl nan Nouyòk. Gen fon sa yo disponib pou kiltivatè yo enpòtan pou ede yo fè fas ak defi sa yo, pandan yo ap amelyore kalite dlo a epi rezoud pwoblèm chanjman klimatik yo. Nou gen chans pou nou gen yon gwo patenarya ant kiltivatè yo ak distri lokal yo pou konsèvasyon Tè ak Dlo, ki fè planifikasyon ak aplikasyon pwojè yo posib. Komite Konsèvasyon Tè ak Dlo Eta a apresye efò distri yo."

Senatè Michelle Hinchey te deklare, "Pwodwi letye Nouyòk se yon poto nan ekonomi eta nou an, kòm pi gwo sektè agrikòl nou an ak yon kreyatè djòb enpòtan nan kominote riral yo ak pi lwen. Lè pwòp, dlo, ak tè ki an sante se bagay fondamantal pou biznis fèm pwospere kidonk, yon rezèv manje ki fyab. Eta nou an gen yon gwo enterè nan bay sipò finansye dirèk ak pwodiktè letye ki pyonye nan pratik klima vizyonè ki pwoteje anviwònman nou an epi redwi emisyon yo. Pwogram Amelyore Jesyon Nitritif ak Metan

CAFO nou te etabli ane pase a ap ede fè sa rive epi nou felisite kiltivatè yo atravè Eta Nouyòk ki gen pwojè yo te resevwa finansman nan premye faz sa a."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Antanke yon gwo pwodiktè manje ki an sekirite ak nourisan, endistri letye a se yon pati enpòtan nan ekonomi agrikòl Nouyòk. Mwen byen kontan wè 22 fèm benefisyè finansman ki pral ede yo diminye anprent kabòn yo epi ede yo ak teknoloji estokaj lèt. Pou klima nou an ak rezèv manje nou an, li enpòtan pou nou kontinye sipòte pwodiktè letye nou yo atravè inisyativ tankou sa yo."

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Agrikòl Nouyòk (New York Farm Bureau, NYFB), te deklare, "Antanke senkyèm pi gwo pwodiktè letye Ozetazini, Nouyòk se yon gwo pisans nan endistri a, li klase antèt nan pwodiksyon fwomaj blan, krèm asid ak yogurt. Epi, antanke jeran tè a, pwodiktè letye yo gen yon enterè nan pwoteje kalite tè ak dlo, diminye anprent kabòn yo epi mete an aplikasyon teknoloji modèn pou prezève agrikilti pou jenerasyon k ap vini yo. Lè yo bay CAFO ENMP finansman pou bay distri konsèvasyon tè ak dlo atravè eta a, Gouvènè Hochul ap voye yon mesaj solid pou di pwodiktè letye yo se patnè nou fè konfyans nan dirabilite ak sante anviwònman an."

Anba lidèchip Gouvènè a, bidjè ane fiskal (FY) 2025 lan te gen ladann finansman adisyonèl pou ede ranfòse endistri letye, ki gen ladan 34 milyon dola nan finansman kapital sou dezan pou elaji kapasite estokaj lèt nan fèm, amelyore efikasite, envesti nan sistèm transfè lèt, teknoloji rewadisman, ak lòt pwojè pou plis opòtinite pou kiltivatè pwodui letye transpòte oswa estoke pwodwi yo.

Bidjè ane fiskal 2025 la te gen ladan tou yon investisman prèske 82 milyon dola nan pwogram ak inisyativ jesyon agrikòl, tankou pwogram sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan ak Klima (Climate Resilient Farming grant program), ki ap ede fèm yo aplike pratik ki dirab pou anviwònman an epi konbat chanjman klimatik. Nan diskou sou Eta Leta 2025 li a, Gouvènè Hochul te pwopoze finansman adisyonèl pou fè rechèch ak aplike pratik ki rezistan ak klima nan pwodiksyon letye.

Enfòmasyon sou Endistri Pwodui Letye a nan Eta Nouyòk

Eta Nouyòk se kay prèske 3,000 pwodiktè letye ki pwodui 7.30 milya kilogram (16.1 milya liv) lèt chak ane, sa ki fè Nouyòk se senkyèm pi gwo eta letye nan peyi a. Avèk pwodiksyon letye ki reprezante mwaye nan ekonomi agrikòl eta a, pwodiktè letye inik ak talan Nouyòk yo bay kontribisyon enpòtan nan endistri agrikilti Nouyòk, ekonomi an, ak sante kominote nou yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)